



Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON LÒT 24 MILYON DOLA YO TE BAY ATRAVÈ FAZ XII INISYATIV KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA

Twazyèm lo prim ki apwouve yo gen ladan 28 pwojè ki pare pou demare

Ou kapab jwenn lis konplè benefisyè Faz XII yo [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay plis pase 24 milyon dola pou sipòte 28 pwojè priyorite nan Eta New York atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Faz XII la te gen ladan sibvansyon kapital debaz ak finansman kredi enpo ki soti nan Empire State Development ke yo te mete disponib sou yon baz kontinyèl ak konpetitif pou sipòte bezwen imedyat kominote yo. Finansman an pral sipòte pwojè ki gen enpak yo ki an akò ak objektif estratejik chak rejyon.

"28 pwojè ki pare pou demare sa yo reprezante opòtinite enkwayab pou ankouraje kwasans ekonomik, kreye travay, epi estimile investisman prive atravè Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a efò kontinyèl ak rekòmandasyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, Inisyativ REDC nou an ap kontinye ede kominote yo satisfè bezwen ijans yo atravè investisman estratejik ak sipò solid eta a".

Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, ki se Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, te deklare. "Nan wòl sa a, se te enkwayab pou m vwayaje atravè eta a ak wè dirèkteman enpak pozitif investisman sa yo ap genyen nan kominote atravè New York yo. Atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, nou pral kontinye ranfòse ekonomi nou an, kreye bon travay, epi investi nan avni nou".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Rann otonòm pati ki konsène yo nan rejyon an pou pran konesans yo ak konpreyansyon yo sou priyorite lokal yo ak byen yo pou ka pi byen oryante investisman yo nan eta a se yon fòm ki pwouve pou siksè. Pwojè ki pare pou demare sa yo pral fè ekonomi nou an avanse epi mennen nan kwasans ak pwosperite atravè eta a".

Twazyèm seri pwojè sa a te rekòmande pa chak Konsèy Rejyonal akòz preparasyon pou pwojè yo ak aliyman ak plan estratejik chak rejyon. Gran pwen yo enkli:

- **Soleno USA Inc. (Rejyon Kapital) - Sibvansyon ESD 975,000 dola, Kredi Enpo Travay Excelsior 1,125 milyon dola:** Atravè pwojè li nan Saratoga Springs, Soleno USA Inc. pral fè envèstisman nan yon nouvo izin pou pèmèt konpayi an bay yon solisyon dirab pou metrize dlo lapli nan sektè piblik ak prive, avèk pwodiksyon yon seri gwo kanalizasyon dyamèt (600mm rive 4000mm) anplis ke yo te kapab ofri kliyan yo yon altènativ a tiyo polipwopilèn jiska 1500mm. **Depans Total Pwojè: 10.75 milyon dola**
- **Pwojè Ekspansyon EMCom, Inc. (New York Santral) - Sibvansyon ESD 235,000 dola, Kredi Enpo Travay Excelsior 150,000 dola:** EMCom, Inc., yon fabrikasyon avanse ki gen 27 an nan Auburn, pral elaji operasyon li yo atravè amelyorasyon enpòtan nan ekipman ak etablisman li yo. Ekspansyon sa a pral kenbe vyabilite konpayi an nan endistri a, pèmèt yo jwenn nouvo kontra, epi prepare yo pou sipòte fabrikasyon mikwo-elektwonik k ap vini nan rejyon an. **Depans Total Pwojè: 1.2 milyon dola**
- **Pati 2 Ekspansyon Magnatag, Inc. (Finger Lakes) - Sibvansyon ESD 250,000 dola, Kredi Enpo Travay Excelsior 250,000 dola:** Magnatag, yon fabrikasyon sistèm tablo blan mayetik pèsonalize, pral achte nouvo machin ak ekipman pou elaji operasyon fabrikasyon nan Macedon, Konte Wayne. Nouvo machin ak ekipman yo pral pèmèt konpayi an divèsifye ak elaji liy pwodwi li yo. **Depans Total Pwojè: 5 milyon dola**
- **Izin Fabrikasyon Batri Avanse Unique Electric Solutions (Long Island) - Sibvansyon ESD 300,000 dola, Kredi Enpo Travay Excelsior 300,000 dola:** Unique Electric Solutions (UES) pral etabli yon premye liy soudaj pake batri pou kamyon elektrik komèsyal, otobis, ak pwogram batri estasyonè nan Holbrook, Konte Suffolk. Etablisman an pral pote operasyon gwo teknoloji sa a sou kòt Etazini ki tradisyonèlman enpòte soti aletranje. **Depans Total Pwojè: 3 milyon dola**
- **Kanpis Yonkers S.I.C. Film School (Mid-Hudson) - Sibvansyon ESD 450,000 dola:** Social Impact Content (S.I.C.) Film School pral transfòme yon pati nan North Broadway Armory nan anba lavil Yonkers pou kreye yon lekòl fim dènye kri. S.I.C. bay bon jan kalite fim ak fòmasyon medya pou satisfè demann k ap grandi pou travayè pwodiksyon fim kalifye, etabli chemen karyè, epi konekte elèv yo ak pi gwo devlopman sèn son nan Nòdès la. Etablisman an pral tounen tou yon sant pou opòtinite atistik ak kiltirèl, avèk yon konsantrasyon sou kontni enpak sosyal. **Depans Total Pwojè: 4.46 milyon dola**
- **Duofold Building, LLC (Mohawk Valley) - Sibvansyon ESD 3.5 milyon dola:** Duofold Building, LLC, pral revitalize ansyen konplèks Sperry UNIVAC nan Ilion, Konte Herkimer. Plan devlopman an gen ladan yon restorasyon istorik total pwopriyete a avèk de etaj pi ba yo nan bilding prensipal la ke yo te itilize sèlman pou rezon komèsyal ak etaj anwo yo ki te transfòme nan apatman a pri mache a. **Depans Total Pwojè: 19.2 milyon dola**
- **Ekspansyon Magellan Aerospace New York (Vil New York) - Sibvansyon ESD 295,000 dola:** Magellan Aerospace New York pral investi nan ekipman dènye kri ki pral jwe yon wòl enpòtan nan optimize ak senplifye operasyon fabrikasyon konpayi an. New York se yon lidè nan chèn ekipman mondyal ayewospasyal la pandan plis pase yon syèk, epi Magellan Aerospace pral

kontinye priyoreze investisman pou sipòte asanble konplèks ak solisyon sistèm pou fabrikan avyon ak motè, ajans defans ak espas atravè mond lan. **Depans Total Pwojè: 1.5 milyon dola**

- **Ekspansyon SEPAC, Inc. (Southern Tier) - Sibvansyon ESD 295,000 dola:** SEPAC, Inc., yon konseptè ak pwodiktè fren a patikil elektwomayetik ak mayetik pou ayewospasyal, pral elaji etablisman fabrikasyon yo nan Elmira, Konte Chemung. Ekspansyon an gen ladan machin ak ekipman ki pral amelyore operasyon SEPAC nan enèji renouvlab, agrikilti, swen sante, defans ak transpò, ogmante òf pwodwi yo, epi fasilite nouvo opòtinite mache nan sektè anbalaj agrikòl ak famasetik. **Depans Total Pwojè: 3.85 milyon dola**
- **Ekstansyon Enèji Artpark & Company, Inc. (Lwès New York) - Sibvansyon ESD 800,000 dola:** Artpark pral elaji pwogram Atizay Espektak ak Atizay Vizyèl li nan zòn ki fèk konstwi pwojè Connectors Trails nan Pak Eta Earl W. Brydges Artpark an Konte Niagara. Enèji adisyonèl nan espas piblik Pak Eta Artpark pral pi byen konekte Artpark ak Vilaj Lewiston ak santye ki egziste deja nan Rejyon Lower Niagara, nan angaje nouvo piblik epi ofri pwogram pandan tout ane a ki sipòte enpak ekonomik lokal ak rejyonal ki ogmante yo. **Depans Total Pwojè: 9.8 milyon dola**

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorete finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ REDC a, yo te bay plis pase 7.7 milya dola pou plis pase 9,500 pwojè kreyasyon travay ak devlopman kominotè ki konsistan avèk plan estratejik chak rejyon. Aplikasyon pou fon sibvansyon ESD fèmen pou faz la epi yo prevwa l ap re-ouvri nan mitan mwa me. Aplikan ki gen pwojè solid, ki pare pou demare ki aliye ak priyorete devlopman ekonomik eta ak rejyon an ka prepare pou aplike atravè [Aplikasyon pou Finansman Konsolide](#).

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Aprann plis sou CFA [isit la](#).

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantral yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York envesti nan travay ak kwasans ekonomik lè yo

mete an plas yon apwòch kominotè, asandant epi etabli yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Aprann plis sou regionalcouncils.ny.gov

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)